Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 16 (7312)
13 апрель 2018 сон
Рузман
sadovoduns@yandex.ru
Багъа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

АТКялъул плановияб заседание

## Кидагосеб хъаравуллъи букIинабизе ккола



Араб анкьалда «Унсоколо район» МОялъул администрациялда букIана терроризмалда данде чIараб комиссиялъул плановияб заседание. Гъенир гIахьаллъана районалъул бетIер, районалъул АТКялъул пред. ГI. НурмухIамадов, РДялъул бетIерасул кумекчи, РДялъул АТКялъул аппаратальул вакил С. Сайпов, Буйнакскиялъул кIиабилеб отделениялъул, Россиялъул ФСБялъул Унсоколо районалда вугев нач. ГI. ГIабдусаламов, районалъул бетIерасул зам. М. ХIамзатов, районалъул депутатазул Собраниялъул пред. К. Асадулаев ва цогидалги отделазул начальникал, росабазул бутIрул.

Данделъи рагьана ва бачана ГI. НурмухIамадовас. Балагьиялде росун рукIана:

I. «КIудияб Бергьенлъиялъ 73 сон тIубаялъул ва цогидалги маялъулал праздникал тIоритIулаго бакIазда терроризмалъулаб хIинкъи бу-кIиналдаса цIуниялда хурхун».

2. «20I8 соналда районалда ругел лъималазе хIалхьиялъул ва сах гьариялъул бакIал хIадурулаго терроризмалдасан хIинкъи гье-чIолъи букIинабиялда хурхун».

3. «ГIолилазда гьоркьоб терроризмалъул ва экстремизма-лъул идеологиялде данде чIараб хIалтIи гьабулаго об-щественниялгун гIолилазулал организациязда цере чIарал масъалаби».

4. РДялъул ва МОялъул НАКалда ва АТКялда хурхарал хIукмаби тIураялъул бугеб хIал.

5. ЦIатIанихь, ИштIибури, ХъахIабросу росабазул администрациябаз экстремизмалъул ва терроризмалъул идеологиялде данде гьабулеб бугеб хIалтIул хIакъалъулъ гьел росабазул бутIрузухъ гIенекки.

ТIоцебесеб суалалдасан кIалъана М. ХIамзатов: - Нилъер экстремизмалде ва терроризмалде данде гьабулеб хIалтIул аслияб мурад ккола халкъазда гьоркьор динияб къал бекьизе биччангутIи. Гьеб мурадалда районалъул гIадамазда гьоркьоб тIоритIана гIемерал информационниялгун бичIчIи кьеялъул хIалтIи, цIодорлъи букIинабиялъул гIемерал тадбирал, хIалтIизабуна берзулаб агитация ва гь. ц. Гьеб гуребги рузман къоялъ гьаруна гьеб темагун вагIзаби.

Жеги цIодорго ва жавабчилъиялда тIаса квер босун тезе бегьуларо, гьеб ккола терризмалъул, экстремизмалде данде къеркьеялъул гьабсагIаталда хIажатаб арсенал. Гьеб рахьалда хурхун руго жегиги кIвар кьезе кколел, тIуразарун рагIалде рахьинчIел масъалаби. Гьеб цадахъ рекъон гIумроялде рахьинариялъе нилъеца кинабго гьабизеги ккола,-ян бихьизабуна М. ХIамзатовас.

ГIолилазда гьоркьоб терроризмалъул, экстремизмалъул идеологиялда хурхун гьабураб хIалтIул бицана А. МухIастановас.

-Аслиял докладазда хурхун кIалъалаго ГI. НурмухIамадовас ва М. Биякаевас тIадчIей гьабуна гIолилазул отделалъ график гьабизе ккелин терроризмалъул, экстремизмалъул идеологиялъул бугеб заралалъул, гьелдалъун мекъи ккезе рес букIиналъул бицун бичIчIи кьеялъул хIалтIи гьабиялъе, бихьизабуна гIолилазда гьоркьоб гьеб рахъалъ гьабулеб х1алт1и загIипго букIин.

Хадур гIенекккана гьеб нахъегIанаб политикаялъул бицун гIадамазда гьоркьоб бичIчIи кьеялда хурхун гьаб соналъул тIоцебесеб кварталалда ЦIатIанихь, ИштIибури, ХъахIабросуль гьабураб хIалтIул х1акъалъулъ гьел росабазул бутIрузул кIалъаязухъ.

Гьединго кIалъана С. Сайпов. Гьес бихьизабуна росабалъ терроризмалде данде гьабулеб хIалтIи загIипго бугин. «ЦIидасанги хIаракатчилъизабизе ккола росабалъ хIалтIи. Хал гьабизе ккола террористал рахчун ругищали, гьезул базаби ругищали, росабазул территориязда, киса-кибего хъаравуллъи чIезабизе ккола араб тIад буссунгутIиялъе»,-ян абуна гьес.

ВатIаналъул бахIарзал

## М. Дахадаев ракIалде щвезавуна



Араб анкьалда райадминистрациялъул минаялда цебе бугеб майданалда букIана нилъер улкаялдаго цIар рагIарав политикияв хIаракатчи МахIач Дахадаев гьавуралдаса I36 сон тIубаялде буссараб праздникалъулаб тадбир. Гьенир гIахьаллъана «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадов, учреждениял организациязул нухмалъулел, хIалтIухъаби, ясли-ахазул гьитIичал, цIалдохъаби. Тадбир байбихьана М. Дахадаевасул бюсталда цебе тIугьдул лъеялдасан.

Гьеб рагьана ва бачана культураялъул отделалъул нач. ГI. ГIабдулаевас. Къокъабго баркиялдаса хадуб гьес рагIи кьуна ГI. НурмухIамадовасе.

«Жакъа нилъ цойги нухалъ данделъун руго нилъер гьайбатав вас, цIар рагIарав ракьцояв кIодо гьавизе. Нилъеда лъикIго лъала нилъер бечедаб тарих ва бахIарзазул хвел гьечIел ишал. М. Дахадаевасул кIвар бугеб политикияб гIумроялъул бицуна гьесул цIар нилъер тахшагьаралда лъун букIиналъ. Тарихалдалъунги, бахIарзаздалъунги бечедаб буго нилъер район. Гьединлъидал тарихалдехун нилъ ралагьизе ккола чIухIун ва умумазул ирс цIунизе, гьезда релъараллъун нилъго рукIине хIаракат бахъизе ккола»,-ян бихьизабуна бетIерас.

Жиндирго кIалъаялда районалъул общественнияб палатаялъул пред. М. ГIабдулаевас тIадчIей гьабуна М. Дахадаевасул биографиялда. «Жакъа М. Дахадаевасул цIар буго ритIухълъиялъул, хIинкъи гьечIолъиялъул ва къвакIиялъул символлъун»,-ян абуна гьес. Гьединго М. Дахадаевасул хIакъалъулъ бицана ГI-К. ГIабдурахIмановасги.

Праздникалъулаб программаялда рукIана Шамильхъалаялъул, Унсоколо № I школалъул, ясли-ахазул гьитIичазул церерахьинал.

## Ясли-сад жагъаллъун буго

4 апрелалда «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовгун дандчIвана Шамильхъалаялда бугеб «Сказка» ясли-ахалъул лъималазул эбел-инсул комитеталъул членал ва хIалтIухъаби. Гьенир гIахьаллъана бетIерасул зам. М. ХIасанова, районалъул коммуналияб хъулухъалъул МКУялъул нач. А. ГIабдулхаликъов, гIолилазул ва спорталъул отделалъул нач. А. МухIастанов ва гь. ц.

ДандчIваялъе аслияб гIиллалъун букIана гьабсагIаталда ясли-ах бугеб мина авариялъулаб хIалалда букIин ва цIияб базе тадбирал гьаризе ккколел рукIин.

«Гьале чанго соналъ жагъалаб хIалалда хIалтIулеб буго № 9 «Сказка» ясли-ахалъул МКДОУялъул мина. Гьедин мина букIин чIезабунги буго. КIиго соналъ цебе ясли-ахалъул цо корпус къана хассаб гьелъул хал гьабизе гIуцIараб экспертнияб комиссиялъ. Гьеб къоялъ киналго группаби цоцаде кIутIана. Гьедин яслиялъул группаби цIун руго I00 проценталъ. ГьабсагIаталда гьел киналго группаби жанире рачараб корпусалдаги къватIелал рехун руго. Дагъаб цебегIан бачIараб экспертнияб комиссиялъ гьебги рикIкIана хIалтIизе биччазе бегьулареблъун. ХутIун буго цо анищ, хехаб куцалда гьеб цIидасан бай. ГьабсагIаталда цIакъ бегIерго буго ясли-ах къаялъул суал. Лъималазул гIумро ва сахлъи хIинкъиялда гьоркь бугилан ахIи балеб буго эбел-инсуца. Гьеб къазе кколеб букIин нижееги лъугьана хIакъикъаталдаги рес кьотIараб суаллъун. КIудияб божилъигун гьарула цIияб ясли-ах баялъе хехлъи гьабеян. Ниж ракI-ракIалъ божарал руго ясли-ахаздаса махIрумаллъун лъимал хутIиларилан»,-ян абуна гьений кIалъарай зав. П. ТIагьировалъ.

Гьединалго магIнаялъул кIалъаял гьаруна эбел-инсул комитеталъул членазги.

Районалъул бетIерас рагIи кьуна РДялъул Правительствалде ги бахъун гьеб суал гIумроялде бахъинабиялъе кинабго гьабилилан.

**Ахихъан**

*Районалъул газета*

*№ 16 (7312)*

*13 апрель 2018 сон*



Дагъистаналда унел руго нухмалъи гьабиялъул нахъе рукIине кадраби хIадуриялъул конкурс. Гьелъул хIасилал гьаризе руго 28 апрелалда конкурсалъул хасаб комиссиялъ. Тасдикъ гьарурал кандидатазул списокал кьун руго В. Васильевасухъе лъай-хъвай гьабизе. Кинавниги г1ахьаллъун вуго I09I чи, тасдикъ гьарун руго 742 чи. Гьезда гьоркьор руго 6I2 бихьинчи, I30 чIужугIадан.



Культура

# Творчествалъулай гIадан

ЦIатIанихъ росулъ I965 соналда гьаюна Хатимат Жамалудинова. КIудияб, 11 лъимер бугеб хъизаналда гIуна гьей. Эмен гIемерал саназ хIалтIана росдал школалда директорлъун, эбелалъ абуни бачунаан рукъалъул магIишат, тарбия кьолаан лъималазе.

Школа лъугIидал Хатимат цIализе лъугьана МахIачхъалаялъул культпросветучилищеялде режиссерал рахъунеб факультеталде ва цадахъго хIалтIизе лъугьана росдал культураялъул рокьой. ЦIали лъугIидал абуни гьей тIамуна культураялъул рукъалъул директорлъун.

Жинцаго тIубазабулеб хIалтIи ракI-ракIалъго бокьула Хатиматие. Гьедин лъеберго соналъ тIубазабулеб буго гьелъ рекIее бокьулеб махщел. Жийго Хатиматилги буго кIудияб, лъимал гIемераб, гьудуллъи щулияб хъизан. Киналго лъимал гьелъул рукъалде руссана, гьезул лъимал абуни гIолохъанай кIудияй эбелалъе руго рохеллъун.

Хатимат унго-унголъунги ккола творчествалъулай гIадан, гьелъ гIуцIула культмассовиял тадбирал, гьарула концертал, лъола постановкаби. Гьезулъ аслияб роль тIаде босула жинцаго. Хатиматил нухмалъиялда гьоркь тIоритIула район тун къватIирехунги тадбирал. I989-I990 соназда гьелъул бетIерлъиялда концертал кьуна Гумбет, ЦIумада ва цогидалги районазда. Хатиматица хъварал кучIдул ахIула район тун къватIирехунги концертазда, праздникалъулал тадбиразда.

РакI-ракIалъ гьабулеб хIаракатаб хIалтIухъ, ай районалъул социалиябгун экономикияб церетIеялъе гьабураб хIалтIуе гIоло гьелъие «Унсоколо район» МОялъ гьал къоязда кьуна ХIурматалъул грамота, 2013 соналда гьединго миллияб культура цIуниялъе ва цебетIезабиялъе гIоло кьуна РДялъул культураялъул Министерствалъги ХIурматалъул грамота. ГIемер щвана баркалаялъул кагътал ва сайгъатал.

Хатимат Жамалудинова ккола жиндирго иш лъалей ва хадуб коллектив цIазе бажарулей специалист. ХIалтIудехун гьей ялагьула тIолабго жавабчилъи кьун, ракI-ракIалъ. Коллективалда ва росулъ буго лъикIаб къадру-къимат. Цадахъ хIалтIулезул пикруялда



рекъон гьей йиго бажари бугей нухмалъулей, цебе лъураб масъала тIубазабизе коллектив бахъинабизе, мурадалде щвезе ишан босулей махщелчIужу. Гьединав нухмалъулесда цадахъ хIалтIизе щивасе бокьула. Щивасда бичIчIула гьелда бокьараб жо бицине, дандбазе бегьулебльи. Кумек хIажатазе кидаго кверчIвай батула Хатиматил.

Хадурккунги чIахIиял церетIеял гьарула, Хатимат Жамалудинова, дуе, ва дур коллективалъе.

Гьудуллъи-гьоболлъи

## РачIа гIолеб гIелалъе тарбия кьезин

Цере рукIарал умумуздасан нилъеда г1емер рагIулаан гьудуллъи-гьалмагълъиялъул, гьоболлъиялъул бицунеб. Цебе жиб-жиб росулъ рукIана гIемерисезул гьудулзаби, гьалмагъзаби, гьалбал.

Дагъ-дагъккун техника, машинаби, телефонал, телевизорал цIикIканагIан гIадамазда гьоркьоб яхI-намус, адаб-хатир лъугIун унеб буго. РакIалда буго Унсоколо росулъ школалда цIалулаго, жиб-жиб росулъа 7-8 кл. лъугIарабго лъимал цIализе рачIунаан Унсоколоре. Районалда Унсоколо гурони I0 классалъул школа букIинчIо. Цоцазда гIемерисел росабазул лъимал лъалаан. Гьудуллъи-гьалмагълъи шулалъулаан, ресукъго ругониги цоцаздехул адаб-хатир, лъик1аб бербалагьи букIунаан. Гьоболасул къадру-къимат букIана рукъалъул чиясдасаги тIадегIанаб. Гьобол тIаде вачIин, хасго лъималазе кIудияб рохел букIана. Цоцазде тIаде-гъоркье унаан, кумек гьабулаан.

ГIадамал ресалдеги рачIана, техникаги цебетIуна, цоцаздехун бухьенги чучлъана. ХIисаб гьабеха цо гьадинаб хIужаялъул: жиб-жиб росулъ школаги буго, спортзалалги руго, магIишаталги руго, ресалги цIикIкIарал руго, щайха цоцаздехун гьуинлъи, гьудуллъи лъугIулеб бугеб? Щайгурелъул, дир хIисабалда чIахIияз гIун бачIунеб гIелалдаги, эбел-инсуца рокьобги, учительзабаз школалдаги дагьаб гурони бицунеб гьечIо цоцалъ лъикI рукIиналъул. Телевизоралдасан, газеталдасан чан нухалъ нилъ гьединал суалалгун цере рахъунел ругел? ЧIахIияз тIаса-масаго тун буго тарбия кьеялъул иш. Гьеб бихьулеб буго гIун бачIунеб гIелалда. Машинабиги ругони, телефонал, видеоялги ругони, квенги бугони г1олеб буго г1ун бач1унеб г1елалъе.

ЧIахIиязда ракIалде кколеб буго жидехь гIун бачIунеб гIел гIенеккулеб гьечIин, гIисиназдаги кколеб буго чIахIиязул жидеда малъизе щибго хутIун гьечIин. Гьединаб ах1валх1алалда нилъ кинха цоцазда ричIчIилел? Дир пикруялда хIажат буго щибаб росулъ лъабабго гIелалъул гIадамалги ахIун, дандчIваял гIуцIизе, цоцазухъ гIенеккизе, цоцазда дандбазе, ай мушавара гьабизе. ЦохIо рузман къоялъ гьабураб вагIзаялъ тарбия кьей букIунаро. Гъуждул гурун хIалтIизе ккола. ТIаса-масагояб бербалагьиялъ, ургъел гьечIольиялъ, гIолилалгун хIалтIунгут1иялъ гIемерал балагьазде рачана нилъ.

Росабалъ ругел чIахIиязул советги, гIолилазул къокъаги, школазул учительзабигун лъимал, диниял хIаракатчагIиги данделъун, рачIа цо-цо дандчIвай гIуцIилин ва хIасилазухъ балагьилин. Узухъда гьединал тадбираз лъикIал хIасилазде рачIине рес буго. Дица гьаб макъала хъвана бугеб ахIвалхIалалда ракI унтун.

Аллагьас къуват кьеги лъикIаб гьабизеги квешаб тезеги.

**С. МУХIАМАДОВ.**

Лъималазе - пайдаяб тIехь

# «Дир гьайбатаб Алипба»

Марталда Шамильхъалаялъул гьоркьохъеб школалда данделъун рукIана районалъул байбихьул классазул методобъединениялъул руководительзаби ва учительзаби. Гьоркьоб лъуна ТубхIат Зургъаловалъул «Дир гьайбатаб Алипба»-абураб гIисинал, тIоцере школалде рачунезе хъвараб тIехь.

МагIарулалги, мугIрулги, магIарул мацIги цIарги бокьулей, гьеб гIолеб гIелалъухье кьезе хIадурай шагIир ТубхIат Зургъаловалъ 2014 соналъ нильер гIисинал лъималазе, гьитIичазе хъвана «Дир гьайбатаб Алипба»-абураб мажмугI. Гьеб буго цере рукIарал магIарул рагIабиги гIададалги, гIамалги кIочаразда ракIалде щвезабулеб, лъаларезда лъазе пасихIго, бичIчIуледухъ ургъун, кьвинго хъвараб магIарул тIехь. ТIохьода хIарпазда данде кколел куплеталго гIадин руго некIсиял, гIадатиял ратIлил батIи-батIиял формабиги, тIагIалабазул сураталги, магIарулазда гьоркьор лъугьунел лъугьабахъиназул хъвай-хъвагIаялги, абиял, кицаби, ребусалги.

Авторалъ мухIканго бихьизабулеб буго печаталъ хъварабги, квералъ хъварабги хIарпал, гьезул хъвалел къагIидаби, бухьенал. Бечедго, щибаб хIарпгун гIуцIун руго кочIол рекъарал мухъал, слогазул рагIабазул лъугьинал. ГIадамазда, мугIрузда, гIоразда, хIайваназда лъурал хасал цIарал, цIализе ва гIуцIизе ребусал, лъималазул хIазе гьира балел расандаби. Щибаб хIарп малъиялда хадуб тIехьалда цо хасаб бакI ккун буго тIаде балагьун хабар гIуцIизе кколел цоцада рухьарал суратаз. Руго цере умумуца хIалтIизарулел рукIарал нилъехъе щвечIел магIарулазул тIагIалабазда цIарал, масала, ражибух, щигат, лалу, раххан, кIиликIичI, кIерело, щагIил хъаба ва гь. ц.

Дие цIакъ рокьана ТубхIатил тIехьалъул ахиралда лъурал, лъималазда жал лъачIого гIоларел: лъагIалил заманаби, анкьил къоял, батIи-батIиял тIабигIаталъул ва нуразул гьайбатал кьерал, ретIел-хьит, инсанасул лугби, рукъалъул ва гIалхул хIайванал – хIанчIи, хIалтIул алатал, некIсияб цIарагI, пихь, овощал, хурдул, хIутI-хъумур, гьутIби – абурал тIехьалъул гьормал.

Лъималазул гIумроялда рукIарал рукIа-рахьинал да хурхарал кучIдул цIалидал ракIалде щвана дирго лъимерлъи, гьитIинаб «нахъа ургъел гьечIеб эркенаб заман», нилъерго рукъ, магIишат, гIалах (гьениб тIамураб гIумро,чIахIиял умумал, улбул, цIияб гурде-ретIел (доб мехалъ гьеб байрамалде гурони гьабулароан, праздникалде яги кIалбиччан къоялде) гьелдаса букIараб рохел!

ЩагIиралъ гьенир, гIисинал ругониги, ясал куцалел руго захIматалде, рокьоб эбелалъе рацIаракъалъи, кумек гьабизеги, рохьдолъе радалго яхъун гIака гьезе инеги, кIодоэбелалда цадахъ пастIан чIаразеги, полпилъ тIерхьун ретIел чуризеги, богорокъоб тIагIамал, батIи-батIиял квенал хIадуризеги.

Васал имам Шамилида рельарал, яхI бугел, инкар гьечIого кIодое лъел цIолел, ахикьги хурзабахъги улбузе кумек гьабулел, мугIрул кьурдабиги гьарун кьибил чIухIизарулел, Расул дацида цадахъ росдал гIияде унел, рижараб росуги гIагараб ВатIанги цIунизе, гIедал росдал халкъалъе пайдаял, ритIухъаллъун рукIине куцалел руго.

ТубхIат Зургъалова тIехьалъул ахиралда ругел суратазда йихьула миллияб ратIлилъ магIарул гьайбатал ясалгун цадахъ. Кинида ругел мехалдаса нахъе бихьулеб буго гьелъул гьездехун бугеб рокьи, хинлъи, гьудуллъи, щивасдехун бугеб батIибатIияб гьими, балагьи, хIасрат, анищ.

Нильеда гьей йихьулей йиго лъимал, гIадамал, магIарул халкъ бокьулей, гьезда гьоркьоб рекьел, гьуинлъи бекьулей, гIумру, гIураб ракь, мугIрул, магIарулазул гIадатал, мугIрузул гIадамал хирияй, гьайбатай инсан, чIужугIадан хIисабалда.

**(Ахир 4 гьумералда)**

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 16 (7312)*
*Рузман*
*13 апрель 2018 сон*



Гъаб соналъул 30 апрелалдаса 6 маялде щвезегIан Дагъистаналда рукIине руго Европаялъул чемпионат. Гъанжеялде 34 улкаялъул делегатазе визаби лъун руго турниралде рачIине.

Европаялъул речIчIухъанлъиялъул рахъалъ цолъиялъул Советалъул вице-президент Н. Лаловичас бихьизабулеб буго гьенире рачIине ругин Европаялъул къуват речIчIухъаби,-абун.



Спорт

# Майданскиялда–чемпионат



7-8 апрелалда Майданск росулъ тIобитIана районалъул бетIерасул призалъе гIоло районалъул чемпионат. Гьеб гIуцIун букIана районалъул физическияб культураялъул ва спорталъул комитеталъ ва гIахьаллъи гьабуна росабазул бихьиназул I2 командаялъ.

Тадбиралда гIахьаллъана «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадов, Собраниялъул пред. К. Асадулаев, росабазул бутIрул, торгIо хIаялъул ветеранал, балагьизе рачIарал, тахшагьаралдаса ва районаздаса гьалбал.

Тадбир рагьизе кIалъалаго ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна: «Районалда кинабго гьабулеб буго машгьурал спорталъул видазул къецал тIоритIун гIолилазда гьоркьоб гьудул-гьалмагълъи щула гьабиялъе. Гьеб буго нилъер тIоритIарал тадбиразул аслияб мурадги. Дун цIакъ вохарав вуго гьадинаб гьира-цIаялда гIолилал спорталъул гIахьаллъулел рукIиналдаса»,-ян.

Саламалъулал рагIаби абун спортсменазда цере кIалъана ЦIатIанихъ росдал бетIер Н. Сайпулаев, ветеран С. МухIамадов.

Турниралъул тIоцебесеб къоялъ спорталъул къецал тIоритIана жалго группабазда гьоркьоб. КIиабилеб къоялде лъана полуфиналистал. Гьеллъун рахъана группа «А» ва кIиабилел бакIал ккурал командаби. Гьел ккола Балахьуни ва МокIсохъ росабазул командаби. «В» группаялда тIоцебесеб ва кIиабилеб бакIал ккуна Майданское ва Шамильхъалаялъул командабаз.

ХIалуцарал рукIана ахирисел полуфиналалъул къецал 3 матчалда 4 бакIалъе гIоло дандчIвана Шамильхъалаялъул ва МокIсохъ командаби. 2:0 хIисабгун бергьана Шамильхъала посело-калъул команда ва гьеб чемпионаталда лъабабилеб призерлъун бахъана. I ва 2 бакIал щвана араб соналда рукIарал чемпионал Балахьуни ва Майданское командабазе. Гьедин бетIерасул призги щун I бакIалде бачIана Майданскиялъул командаби.

Турниралъул гIахьалчагIазе – призеразе кьуна гIарцулал сайгъатал, грамотаби.

АбичIого гIоларо турнир тIобитIулаго рукIана цо-цо гIунгутIабиги. Масала, спортсменазул киназулго гуро рукIарал жиде-жидер росабазул цIаралги хъварал хасаб форма. Къецазда гIемерал командаби рукIин гуро аслияб мурад. Дагьал ругониги хIалуцарал, махщел-гъунар, бажари бугел, жидедасан гIун бачIунеб гIелалъ пайда босулел командаби рукIин буго. Гьеб мехалъ балагьизе рачIаралги цIикIкIуна, волейболги цебе тIола. ХIакъикъаталдаги хIалел рукIана ИнкIкIвалитIа, МокIсохъ росабазул командайиланги абун цогидал росабазул спортсменаздасан гIуцIарал командаби. Гьединал хIужабаз гьира свинабула гьабулеб тадбиралдаса. Гьединго, битIараб гьечIилан ккола районалъул къецал тIоритIулаго цогидал районаздаса спортсменал гIахьаллъизе ричча. Цебего Положениялда бихьизабун букIине ккола гьабизе кколеб къагIида, гьелда рекъон тIоритIизе ккела кинал ругониги къецал.

**С. МУХIАМАДОВ.**

# Внимание-Дети!

Согласно распоряжению МВД по РД №17/2541 от 28.03.2018г. на территории Унцукульского района проводятся целевые профилактические мероприятия «Внимание-Дети!» в 5 этапов, 1-й этап - с 28 марта по 8 апреля, 2-й этап - с 22 мая по 11 июня, 3-й этап - с 28 августа по 11сентября, 4-й этап - с 1 по 8 ноября, 5-й этап - с 26 декабря 2018 г. по 11 января 2019 г.

Данная операция направлена на снижение аварийности с участием детей.

Анализ дорожно-транспортных происшествий показывает, что количество ДТП с участием детей существенно увеличился не только во время школьных каникул, но и в учебные дни. В 2017 году в республике зарегистрировано 226 ДТП, где погибли 33 и ранены 251 детей. По итогам 3-х месяцев 2018 года зарегистрировано 42 ДТП, где погибли 2 и травмированы 46 детей, за аналогичный период прошлого года 27 ДТП, 5 погибших и 33 раненых.

Отделение ГИБДД по Унцукульскому району обращается к родителям района с просьбой позаботиться о своих детях. Внимательно следить за их поведением на дорогах. Исключить возможность самостоятельного появления детей до 10 лет без сопровождения взрослых на проезжей части дороги, соблюдение детьми и




подростками правил дорожного движения при управлении велосипедами и мото-транспортом. Простейшие правила: переводить ребенка через проезжую часть только в установленном месте; перевозить в автомобилях детей, не достигших 7 лет, с использование детских удерживающих устройств, а старше 7 лет пристегивать ремнями безопасности.По возможности приобрести яркую одежду или ранец для своего ребенка либо световозвращающие элементы, чтобы дети на дорогах были заметны, переходить проезжую часть автомобильной дороги только на установленном для этого месте на пешеходном переходе.

**Начальник ОГИБДД ОМВД России по Унцукульскому району, майор полиции Мусавузов Р.Н.**

ГIелмияб рагьи

# ГIумроялъулги хвалилги балъголъаби

***(ГIемерисел хвалдаги гIумроялдаги гьоркьор рукIарал (клиническая смерть), тIад руссиндал тIуранго батIиял гIадамаллъун лъугьуна: хисула гIамал-хасият, сверухъ бугелдехун бербалагьи, огъохъаталда ругел мохъалцин)***

**РухI мокърукь**

ГIумроялдаги хвалдаги гьоркьор ругезул рухIалда ракIалдаго гьечIого бихьула гьесул къаркъалаги рехун тун, рухI мокърукье бахун. ТIасан гьесда рагIа-ракьанде щун бихьула чIобоголъараб къаркъалаялда сверухъ лъугьун врачалги медсест-рабиги ругеб куц. Гьесие хвелалъул ахIвал-хIалалда чиясе щибго жоялъ асар гьабизе рес гьечIо. Кинабго; тоннелалдасан роржи, хва-разулгун гара-чIвари гьа-би лъугьуна рекIел огония бугеб мехалъ, ай ракI чIелалда цебе.

Амма щайха ракIалде щвеял гьадигIанго рельарал ругел? Кинабго иш буго; клиническияб хвалил зама-наялъ мозгалда асар гьабула



гьениб лъикI букIуна киданиги цебехун букIинчIеб куцалда. Хварасул рухI цIун букIуна кинабалиго тIадагьлъиялъ, хIалхьиялъ ва рохелалъ. Гьоркь рихьулезда жиндирго бугеб хIал бикьизе бокьун букIуна. Амма гьениб больницаялъул палата цебеса тIагIана, гьав ккана тоннелалъуве. БецIго буго, гьасда ахада цо гьитIинабго кунчIи бугеб тIанкI бихьулеб буго. Воржуна гьеб коридоралъусан дагь-дагьккун хехлъиги босулаго. Канлъул тIанкIал дагь-дагьккун кIудиял гIола, ахиралда цIакъго кIодолъула. Тоннель лъугIула. «Дуе жеги заман щун гьечIо»,-ян абула лъицаялиго ва цIидасан бецIлъула сверухълъи. Нахъисеб къоялъ унтарав вигьуна больницаялда. Врачаз абула «гьас кли-ническияб смерть» нахъа танин. ГIалимзабаз абулеб буго гьеб бугин нахъ чIвазе рес гьечIеб доб дунялалъул гIумро бихьизаби,-абун.

**Щиб абулеб тIадехун рехсаралда гIелмуялъ?**

ХIакъикъаталдаги гIум-роялдаги хвалдаги гьоркьор ругез бицунелъе буго чIванкъотIараб гIелмияб кьучI. Специалистаз бихьиза-булеб буго чиясе гьеб ахIвал-хIал лъугьунин клиническияб хвалде ккелалдего. Жиндирго хIалтIи мозгалъ гьоркьоб къотIизе тола ракI чIарабго. ГьединлъидаI клиническияб хасал фактораз. Гьоркьор къотIиялгун ракI хIалтIизе лъугьараб заманаялда, мозгалъе гIолеб букIунаро кислород – гипоксия. Гье-лъие жавабаллъун рукIуна хасал реакциял. «Хваразда ккола жалго рухIалдаса ратIалъарабго жидеда врачал рихьулел ругин, къаркъалая лъе рухI бачIинабулел,-абун. Щех-рехаз бихьизабулеб буго гьединго букIунин ниль кьижараб мехалдаги,-абун. Гьеб лахIзаталда галю-цинациязда цадахъ рихьизе рес буго хIакъикъиял гIаламатал. Диният гIадамазда рихьула Аллагь яги хварал, атеистазул тIолабго гIумро букIуна берда цебе бугеб гуреб бихьулареб. Цо-цо мехалъ рихьизе бегьула цIакъго хIинкъараб жал. Гьеб ккола щайтIабазул макъу.

Хехаб ва ракIалдаго гьечIеб талихI – рахIат лъаялъул асар буго серотинин гормон бидул тIадецуялдалъун чорхолъе бачIин. Гьелъ кьола талихI-рохелалъул асар. БецIаб коридор ва хадуб канлъи ккола кислород гIоларого бугеб мехалъ мозгалъул гьунар хвей ва берзул сетчаткаялъул рагIалазул сигналал хIал-тIизаризе бажарунгут1и. Гьелъ кьола роржунел ругел гIадаб асар, вестибулярнияб аппаратаълъул хIалтIи хвей ккола гьеб. Хадуб тIаде щола клиническияб хвел,-гьеб ккола бецIлъи ва тIаде щвезе бегьула доб дунялалъул «гIумро».

## «Дир гъайбатаб Алипба»

Гьелъ ахIи балеб буго нилъер лъималазде, гIолезде: «Дир миллаталъул иццал, миллияб зоб берцинлъизе рижарал хIанчIи, дада, баба чIухIизе гьарурал меседил гарал, гIагараб ракь чIаго гьабизе рачIарал тIанчIи, цIуне нилъер гIагараб мацI, чIухIизе ккола нуж магIарулал рукIиналдаса ва магIарул мацIалда кIалъазе кIолин абиялдаса»

Дида ракIалде ккола гьаб ТубхIат Зургъаловалъул «Дир гьайбатаб Алипба»,-абураб тIехь кидаго тIоцебесеб класс бачунел мугIалимзабазе кумекалъе букIинилан.

Халкъалъе жиб хIажатаб,
Ребусал, бицанкIаби
КIалзул пагьму цIикIкIине.
Гьай гьайбатай шагIиралъ
Щвалде щун тIехь хъван буго
ЧIухIила нилъ гьелдаса
ТIолабго магIаруллъи.
ТубхIат, баркала, дуе
Берцинаб гьаб тIехьалъухъ,
ТIолалго гьал гьитIичал
Рохизе гьаруралъухъ.
Гвангъарал сураталги,
Слогал, бухьеналги,
РатIлил хасаб формаги
ХIарпазда данде кколеб.
ГьитIичазул гьунарал
Гьанир цIакъ рехсон руго,
Цойгидаз мисал босе
Рекъезе гьарун руго.

Гьаниб магIарул мацIги,
Гьаниб магIарул цIарги,
МагIарул гIадаталги,
ГIолезухъе регьулел.
МацIалъулги бечелъи

**Умагьани ХIАСАНОВА.**

**Лъай кьеялъул управлениялъул методист**

Сахлъи

## Щитовидкаялъул хIакъалъулъ

***(Нилъер гьеб гьитIинабго органалъ къуватаб асар гьабула тIолабго организмалда тIад. Амма кинабгойищха щитовидкаялъул хIакъалъулъ нилъеда лъалеб?)***

I. Щитовидкаялъул захIмалъаби нилъедаго лъазе рес гьечIо. Гипетиреоз (щитовиднияб железаялъул функция гIодобе ккей) гIемерисеб мехалда байбихьула гIиллаго гьечIеб свакаялдасан. Гьелда хадубго бачIине буго тIом бакъван лъугьин, гьорой, рас хIули ва тIаде гьан бахин. Гипертиреозалъ (щитовиднияб железаялъул функция цIикIкIин) лъугьинабула цIикIкIараб щим бахьин (агрессиялде щвезегIан) – гормонал цIикIкIин «би гьалдолеб бугин» абухъего. Организм хIалтIула кутакаб режималда, гьелъ рачуна ракI кьабиялде, хехго хIалакълъиялде. РукIине бегьула хIухьел босизе кIунгутIи ва гьава гIунгутIи.

2. Йодированнияб цIам цого кьагIидаялъ пайдаяб буго щивасе. Йод гьорлъ бугеб цIам кваназе ккола гьеб гIолареб тIабигIаталъул регионазда ругел гIадамаз. Кьойида жаниб гьединаб цIаналъул кваназе ккола 5-6 гр. ралъдада аскIоб гIумро гьабулезе гьединаб цIам гIемер къваригIунаро. Гьединаз хIалтIизабуниги йод цIикIкIин гьелдалъун кколаро.

3. ГарцIал лъугьун ругони, хехго операция гьабизе ккола, гурони рак батизе бегьула. Щитовиднияб железаялда гарцIал гIемерисеб мехалъ лъикIал гьечIел, ай (недоброкачественниял) рукIуна. Гьел нахъе гьаризе кколаро, амма хадуб халккун букIине ккола. Бащдаб лъагIалида жаниб цо нухалъ ине ккола эндокринологасухъе ва гьабизе ккола щитовидкаялъул УЗИ.

4. Щитовидкаялъул захIмалъаби ругони, кумек гьабула йодалъул растворалъ.

Цо-цояз йод гIунгутIи инабула спиртовияб растворалде гьорлъе гьелъул каплябиги тIинкIизарун, гьеби гьекъон. Гьеб кинго гьабизе бегьуларо! Гьединаб нужецаго нужго сах гьариялъ рачине бегьула чорхолъ йод цIикIкIиналде. Хадурккун сахлъиялъе рукIине бегьула чIахIиял захIмалъаби.

5. Щитовидкаялъ лъимер гьабунгутIиялде рачине бегьула. Масала, гипотиреозалда гIодобе ккола бидулъ тироксиналъул къадар. Гьеб гормон гIунгутIиялъ гIадлу хвезабула эстрадиолалъул ва тестостероналъул гьоркьоблъиялъул. Руччабазул организмалда тестостероналъул къадар цIикIкIани, яйцеклетка барщи гIодобе ккола ва лъимер ккеялъе ресал дагьлъула.

**О. А. ИВАНОВ**
**Эндокринолог.**

# Поэзиялъул букIон

## В. В. Путиниде

Рохалил гIумроги, гIурччинаб ахги
Улка тIегьаялъе ккаги сабаблъун,
Жибго ясбер гIадин, улкаги цIунун
Херлъарав ватаги, мун Россиялъе.
Россия миккил гъветI, Дагъистан гIаркьел
ГIандал-гъагъадерил, мун, инсул гьобол,
Гьава-бакъ хисани, тIаде гIунтIулев
ТIолго Дагъистаналъ, чIвана дуда цIар.
Дол ополченцазул квералги рачун
Кин дуца баркараб, Басаев тIури?
ГьитIинав бахIарчи ХIажимурадил
Эбелалда бачIищ, дуца зигара.
Къоло кIиабилелъ, араб гIасрудал
Сталин рештIарав нижехъ гьоболлъухъ,
Дуда цере арал секретаразул
БукIинчIо замана нижехъе щвезе.
Лъудби колъода ран, дунял сверулел
Дагъистан эзие хIажат букIинчIо,
Мадугьалихъ гIурав Горбачевасин
Рейгание кьуна улка чIобого.
Гьобол-гьудуласе рухI кьолеб гьаниб
Мех-мехалъ ваккизе ниж кIочон тоге,
Украинаялъул Бендер гIадинав
Герой нижер гьанив цоги вахьинчIо.
Путин, кигIан дуе захIмалъаниги
ЯхI бахъе бахIарчи, чучуге рачел,
Рище,-ян ахIдолел гIемерлъаниги
МустахIикълъун вихьун, чIвана дуда цIар.
Кьеги, дуе, гIумро, щулияб сахлъи
Щокълъараб пачалихъ чIаго гьабизе,
Америкаялъул санкциябаца
Квер балареб хIалалъ, улка гIуцIизе.

## Дир кIучIдул печаталда

Азарабго баркала
БитIизин ракьцоялде,
Дир кучIдузе бакI кьураб
Газетаги гьоркьоб ккун.
Халкъалъухъе кечI щвезе
Щулияб сангар буго,
Цо нахъа квер чIвалев чи
Вичун восизе кколеб.
Дов лезгияв Сулейман,
Лакав ГIабдулгъафуров,
Живго ЦIадаса ХIамзат
ХIукуматалъ харжги кьун
ТIамуна хъвадаризе.
Гьанже хъамалчагIазе
Хъвалеб жо бокьуларо,
Жалго жалалъе къулун
ЦIогьодулел рукIуна.
Киназдаго гьаб лъала
Бицинарин вукIуна,
КIоларо яхI гьабизе
ТIаса лъугьа, алигарх.
Ансадерил чIороло
ЧIир-чIиди мун мех-мехалъ,
ЧIалгIаде умумазул
Араб гIумроги рехсон.
ГIор щведал цIул бахъулез
Хъублъийин рикIкIаниги,
ГIоралъ хур-ах араца
Ецила мун, хун хадуй!
Сабру кьеги ракIазе
ГIакъло кьеги бутIрузе,
БитIарабги тIекьабги
БатIа бахъизе лъазе!

**ЖабрагIил-хIажи ХАЛИДОВ.**

## Нилъер кIиязулго ургъел цо буго

Нилъер кIиязулго ургъел цо буго
Цого унтабазул, цого хвелалъул,
Бесдалго хутIулел гьал лъималазул
ЛъикIаб рагIулареб гьаб гIумроялъул.
ГIузраби гIемераб гьаб заманалъул
ЗулмучагIахъ бугеб ихтияралъул,
Авал бихьулареб, ахир лъалареб
Лъар гIадин чвахулеб гьаб гIумроялъул.
Кверзул махщелалъул къимат хвеялъул
КъватIул бахIрабазул сси бахиналъул,
Сахлъиялда хадур унтарал гIадин
ГIарцуда хадур ун гьаглъун ругезул.
Хасал гIадамазул ихтиаралда
Асирлъуда ругел мискинзабазул,
Умумазул гьалбал, гьудуллъи, вацлъи
Гьуинлъи тIагIараб гьаб цо гIелалъул.
Нилъер кIиязулго ургъел цо буго
Циндаго хисараб хасияталъул,
РекьичIел хурзазул, бухьичIеб ахил
Ахир бихьулареб гьаб гIумроялъул.
ЦIамхIалаб магIица чанги чурараб
ЧинигIан бацIцIадаб цIарги нахъе тун.

## Биччанте букIине ракIалде щвейлъун

Лъабкъого соница дица нахъ тараб
Нухлул ахалъуда хьитIил кIал буго,
КIваричIо, дун гьений тIад юссинаро
Биччанте букIине ракIалдещвейлъун.
Хасел цIоройдала лъеда цIерги чIван
ЧанцIулго речIчIана дун гъоя гIодой,
ГIицIго ругел хIатIал ганчIилъги тункун
Тату тIагIинегIан гIодарай гIемер.
Гьанже шагьра нухлул щобде щун йиго
Шалида гьоркь дирго бетIерги цIунун,

## Бокьун гьечIо жеги сапар бухьине

Бокьун буго дие дагьалъ лъалхъине
Дунгоги, заманги, зобалги, ракьги,
Бокьун гьечIо дие гьабсагIат хвезе
Хазина гIун гьечIо цадахъ босизе.
ЧIолебани сагIат дагьалъ хIалхьуда
ХIалтIи бугин жеги дир лъугIичIого,
Квал-квал кколебанищ дие ракьалда
Рокьул дангъва бугеб дунял бихьизе.
Бокьун гьечIо жеги сапар бухьине
Сагаби гIурччинаб их бачIинчIого,
Роол къоялъ балеб чвахун цIадаца
ЦIалтун лазаталда цо йиччичIого.

## Къосун ккезе гурин

Дица квачI хьвагIана гьитIинаб гIурулъ
ГIадамазда гьорлъа тIун унаредухъ,
ГIумруги, яшавги, шигIруги, кечIги
Киназулгоялда релъун букIине.
Рецц-бакъ гIемерлъани гIамалги хисун
Хиялаз черхалда чарлъи рехилин,
Чиясулъ дидаго сурун бихьулеб
Бахиллъи, хиянат хаслъизе гурин.
Хвалда къосун кколеб илбисаб чIухIи
ЧIаголъизе гурин рекIеда жаниб,
Жанат хIасуллъулеб, хIал дагьлъун кколеб
ХIасил ахиралда букIине гурин.

**Суайбат ХIАМЗАТОВА**
**Шамильхъала.**

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района

Главный редактор

КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции: 51373 Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3 Телефон редактора 89896522856 sadovoduns@yandex.ru 398940

Адрес издателя и типографии г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 12. 4. 18 г. 14.30 фактически -17. 50 мин.

Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках Тираж - 1000 экз.